ZIMBABWE

# GWARO RINOTSANANGURA
# MASHANDISIRWO ACHAITWA
# MARI MUGORE RA2023
## KUZVIZVARWA ZVEMUZIMBABWE

*'Kuunza Shanduko kuHupfumi Nekuchimbidza'*

RAKATURWA KUDARE REPARAMENDE YEZIMBABWE NAMUZVINAFUNDO MTHULI NCUBE GURUKOTA REMARI NEKUVANDUDZWA KWEHUPFUMI

24 MBUDZI 2022



# NHUNGAMIDZO

### CHII CHINONZI GWARO RINOTSANANGURA MASHANDISIRWO ACHAITWA MARI KUZVIZVARWA ZVEMUZIMBABWE

Ipfupiso yegwaro rinotsanangura mashandisirwo emari yeNyika nekutsanangura kuti Hurumende inoronga sei kuwana mari yekubhadhara mabasa ayo uye kuti inoronga sei kugovera zviwanikwa izvi kutizvizadzise zvinangwa zvebudiriro yenyika nemutauro wakareruka.

### SEI TICHIBUDITSA GWARO RINOTSANANGURA MASHANDISIRWO ACHAITWA MARI KUZVIZVARWA ZVEMUZIMBABWE?

Gwaro rinotsangura mashandisirwo achaitwa mari kuzvizvarwa zvemuZimbabwe richivazivisa mashandisiro akanaka uye ane unyanzvi anoitwa neHurumende zviwanikwa zvayakapihwa. Rakanangana zvakare nekukurudzira kuti zvizvarwa zvemuZimbabwe zvitore matanho akafanira kuti Hurumende iwedzere kutendeseka uye kugona kuzvipindurira.

### CHII CHINONZI GWARO REMASHANDISIRWO EMARI YENYIKA?

Gwaro rinotsanangura mashandisirwo emari yeNyika igwaro rinoratidza kuti Hurumende inoronga sei kuwana mari yekushandisa uye kuti mari iyi ichagoverwa sei mugore rinouya. Gurukota rezvemari nekuvandudzwa kwehupfumi rakamirira Mutungamiriri weNyika ndiro rinogadzira nekupa gwaro remashandisirwo emari yeNyika kuParamende kuti rikurukure nekubvumira.

### MAGADZIRWO ANOITWA GWARO RINOTSANANGURA MASHANDISIRWO EMARI YENYIKA

Bumbiro reMitemo, kuburikidza nemutemo(Statutory Instrument 127A ya2021), rinosungira kuti Gurukota rezvemari nekuvandudzwa kwehupfumi rigadzire nekupa gwaro rinotsanangura mashandisirwo achaitwa mari yenyika musi weChina chekupedzisira chemwedzi waMbudzi usati wapfuura kuti ritenderwe gore rinofanira kushanda gwaro iri risati ratanga. Matanho anotorwa kuita izvi akapfupikiswa mumufananidzo uri pazasi:



# MAFAMBIRO ANOITA MAGADZIRIRWO EGWARO RINOTSANANGURA MASHANDISIRWO EMARI

(BUDGET CYCLE)



# HUPFUMI HWENYIKA MUGORE RA2022

- Hupfumi hwenyika hunofungidzirwa kuti hwakakura ne4%, iyo yaive pasi pe5.5% yaitarisirwa mugwaro remari ra2022 nekuda kwekusanaya zvakanaka kwakaita mvura uye hondo yekuYuropu;
- Mitengo yakakwira mumwedzi mitanhatu yekutanga yegore asi parizvino mitengo haisi kukwira zvakanyanya zvekuti mumwedzi waGumiguru mitengo yakakwira ne3.2% kubva mu30.7% yakaitika muna Chikunguru kuburikidza nezvakaitwa neHurumende neBhanga guru renyika zvinosanganisira kuongororwa kwezvibvumirano zveHurumende nekuunzwa kwemari yegoridhe.
- Kuderera kwemutengo wekuchinja mari pamusika mutema muchidimbu chekutanga, zvekuti musiyano wavepo pakati pemusika uri pamutemo nemusika mutema wave mudiki kuburikidza nemusika wakaiswa wekuti anoda kutenga anotenga kune anoda kutengesa we'willing buyer willing seller exchange rate market';
- Mari yeHurumende yakagadzikana nemusiyano uri pasi pe1% yeGDP muna Gunyana;
- Kuwanda kwemari inobva mukutengeserana kwedu nedzimwe nyika pasi rose zvichienzaniswa nemari iri kubuda munyika uye kubatsirikana zvikuru kuburikidza nemari iri kutumirwa nezvizvarwa zvemuno zviri kunze kwenyika;
- Kuvandudzwa kwezvivakwa, semuenzaniso, hofisi dzemuganhu dzepaBeitbridge, mugwagwa unobva Harare kuenda kuBeitbridge; uye matanho ekudzoreredza denda redzihwamupengo (Covid 19) ave panzvimbo.
- Kuita kwedu kunofananidzwa sei nedzimwe nyika Nyika dziri kuchamhembe kweAfrica:

| | 2020 | 2021 Est | 2022 Proj | 2023 Proj |
|---|---|---|---|---|
| SADC yose yabatanidzwa | **-6.0** | **4.2** | **2.5** | **2.4** |
| Angola | -5.4 | 0.7 | 2.9 | 3.5 |
| Botswana | -8.7 | 12.5 | 4.2 | 4.4 |
| Lesotho | -7.6 | 1.0 | 2.5 | 2.8 |
| Madagascar | -7.1 | 3.3 | 5.0 | 5.4 |
| Malawi | 0.9 | 2.5 | 2.8 | 4.0 |
| Mauritius | -14.9 | 4.0 | 6.2 | 5.6 |
| Mozambique | -1.2 | 2.2 | 3.7 | 4.5 |
| Namibia - | -7.9 | 2.4 | 2.6 | 3.5 |
| South Africa | -6.4 | 4.9 | 1.9 | 1.4 |
| Swatini | -1.9 | 3.2 | 2.2 | 1.8 |
| Zambia | -3.0 | 4.0 | 3.2 | 3.8 |
| Zimbabwe* | -7.8 | 8.5 | 4.0 | 3.7 |

Zvatorwa mu: AfDB African Economic Outlook, April 2022 Estimates/ *ZIMSTAT/MoFED/RBZ Estimates



# KUKURA KWEHUPFUMI KUNOTARISIRWA MUNA 2023


Hupfumi hweZimbabwe hunotarisirwa kukura ne3.8%. Mari inotorwa neHurumende nemari yainoshandisa inotarisirwa kusiya mukaha we1.5% yehupfumi hwenyika (GDP).

Hupfumi hunotarisirwa (ZWL$M): 2021-25

| | 2021 | 2022 | 2023 | 2024 | 2025 |
|---|---|---|---|---|---|
| **Homwe dzeNyika** (National Accounts) | | | | | |
| Mari yeGDP | 3,189,937.24 | 10,547,415.18 | 21,768,513.98 | 29,615,949.63 | 33,922,056.11 |
| Kukura kwehupfumi hwenyika (GDP (%) | 8.5 | 4.0 | 3.8 | 4.8 | 5.0 |
| **Homwe dzeHurumende** (Government Accounts) | | | | | |
| Mari yawanikwa | 489,592.20 | 1,740,506.5 | 3,910,072.4 | 5,653,448.8 | 6,810,014.2 |
| Mari yashanda neyakwereteswa | 545,029.15 | 2,149,584.82 | 4,246,947.3 | 6,056,223.4 | 7,243,319.1 |
| Mari yasara muhomwe | -55,436.96 | -62,137 | -336,874.9 | - 402,775 | -433,304.9 |
| % ye GDP | -1.74 | -0.59 | -1.5 | -1.4 | -1.3 |

Zvatorwa mugwaro reMoFED/ZIMSTAT/RBZ

Mapazi akakosha ebudiriro nezvinotarisirwa

| Mufananidzo | Bazi | Kukura kunotarisirwa kubva muzana (%) | Zvinotarisirwa |
|---|---|---|---|
|  | Kurima, Kuvhima, Kuredza hove nemasango | 4.0 | Kunaya kwemvura inotarisirwa kana yakawanda kupfuura inotarisirwa |
|  | Kuchera zvicherwa | 10.4 | Mitengo yakanaka yezvigadzirwa pasi rose |
|  | Zviitiko mumabasa epekugara nechikafu (Tourism) | 10.0 | Kuwedzera kwevashanyi vanobva kunze kwenyika; Kuuya kwevatambi vatsva muchikamu chendege; uye Misangano, mibhadharo makungano nezviratidzwa |
|  | Kuvaka | 5.8 | Kuvakwa nekuvandunzwa kwezvivakwa |

Zvatorwa mu: MoFED/ZIMSTAT/RBZ

# ZVISUNGO ZVAKAKOSHA ZVA2023

Mugore ra2023, Hurumende icharamba ichishanda kuti izadzise zvinangwa zvakatarwa muGwaro rebudiriro renyika rekutanga (NDS1). Zvikuru sei, Hurumende inoda kuzadzisa zvinangwa zvinotevera mukati megore ra2023:

Kuchengetedza musiyano wemari inowanikwa nemari inoshandiswa (1.5% ye GDP) uyo unotsigira kukwira kwemitengo nekugadzikana kwechiyero chekuchinjwa kwemari;

Kukurudzira kuwedzera kwehupfumi kuburikidza nemakambani akazvimirira;

Kukwira kwemitengo mwedzi nemwedzi nechikamu chiri pakati pe1% ne 3%;

Kupa mabazi ehurumende kwaniso yekuita zvirongwa zveNDS1;

Kuderedza zvipingaidzo pakuwanikwa kwemari nemabhizimusi asina kunyoreswa pamutemo; uye

Kukoshesa kupa mari kuzvirongwa zvedzidzo, utano nezvekuchengetedza magariro kuti zvibatsire vari panjodzi yakanyanya munharaunda.

Zvisinei, pane zvipingaidzo zvinogona kukanganisa kuti hupfumi hwenyika huwedzere ne3.8% yakatarisirwa. Kuderedza matambudziko ndokunge zvipingaidzo zvaitika, Hurumende yakatora matanho panjodzi imwe neimwe sekuratidzwa kwazvakaitwa pazasi:

| Zvipingaidzo zvinogona kukanganisa hupfumi | |
|---|---|
| **Chipingaidzo** | **Matanho ekuderedza chipingaidzo iyi** |
| Kusawirirana kwenyika pasi rose kunokanganisa mitengo yefetereza, gorosi nemafuta | • Kutsigira makambani kuti agadzire zvinhu zvakawanda muno; |
| Kuchinja kwemamiriro ekunze | • Kupa zvokushandisa mushure menjodzi uye kugadzira nzira dzekuyambira nekuchimbidza. |
| Kushomeka kwemagetsi | • Kukoshesa kupera kwechirongwa cheHwange 7 & 8 .Izvi zvichawedzera magetsi enyika ne600 MW;<br>• Kuwedzera mutengo wemagetsi zvishoma nezvishoma;<br>• Kuita hurongwa hwekubatanidza makambani eZESA uye kuchimbidza kuvandudza mashandiro;<br>• Kukurudzira vatengi kushandisa magetsi zvine mwero kuburikidza nechirongwa chekuverengwa kwemagetsi zvine humhizha nekupedzisa hurongwa hwemagetsi ekujusa; uye<br>• kukurudzira vanogadzira magetsi vakazvimirira kuti vaise mari kuzviwanikwa zvisingaperi (renewable energy sources). |




| Zvipingaidzo zvinogona kukanganisa hupfumi | |
|---|---|
| **Chipingaidzo** | **Matanho ekuderedza Chipingaidzo ichi** |
| Kuramba mitengo ichikwira uye kushaya simba kwemari yemuno | Kuramba tichishandisa mitemo yakasimba yakaiswa yezvemari; uye Kuramba tichikwenenzvera musika wekuchinjana mari yekunze kuti ushande nemazvo. |
| **Zvipingaidzo pakushandiswa kwemari** | |
| Kuramba zvikwereti zvichiungana | Kuve nechokwadi chekuti mapazi nemasangano eHurumende anoshandisa mari zvinoenderana nezvakanyorwa mugwaro remari;<br>Kuronga mashandiro emari vachishanda nemari iripo pasinaanoenda kunokwereta bhanga guru;<br>Kuderedza kushandisa mari pazvinhu zvisina kukosha;<br>Kuramba tichiratidza kukosha kwemari uye kuchengeta magwaro anoratidza zvese zvinenge zvatengwa mumacomputer uye kupedzisa zvirongwa zvichigere kupera. |
| Zvisungo zvinopihwa neHurumende ichivimbisa kubhadhara zvikwereti ndokunge mapoka akundikana kubhadhara (Public Debt Guarantees) | Kuve nechokwadi chekuti mapoka eHurumende anoshanda akazvimiririra anoratidza hurongwa hwemabhizimusi avo uye anoburitsa magwaro avo anoratidza mashandiro emari yavo nenguva vasati vapihwa chikwereti. |
| Kupa rubatsiro (Subsidies) | Kuramba tichigadzirisa nzira dzokupa rubetsero dzasara;uye kunyanya kubatsira mapoka akakosha akaita semagariro akanaka evanhu. |

# PFUPISO INORATIDZA MASHANDISIRWO ACHAITWA MARI MUNA 2023

## MARI INOTARISIRWA KUWANIKWA

Mugore ra2023, Hurumende inotarisira kuunganidza mari inokwana ZWL$3.9 tiririyoni (18% yeGDP) kubva kumitero nedzimwe nzira.




| Kunobva Mari | Mari (ZWL$ miriyoni | Tsanangudzo |
|---|---|---|
| Mutero pamihoro yevashandi | 609,518.4 | Mutero pamihoro yevashandi |
| Mutero pamari inowanikwa nemakambani | 631,286.9 | Mutero pamubereko unowanikwa nemakambani |
| Imwe mitero inobatwa | 635,359.4 | Inosanganisira mutero pamari yekutengeswa kwezvicherwa, pamubereko unogoverana varidzi vemakamba, pamubereko,mutero wefodya, mitero yemabhizimusi, mutero wehutsi hunobuda pamotokari |
| Mutero pakupinza zvinhu munyika | 387,895.0 | Mutero wezvinhu zvinotengwa kunze kwenyika |
| Mutero pazvinhu zveumbozha | 400,617.4 | Mutero pakushandisa zvigadzirwa "zveumbozha" zvakaita semafuta, doro, fodya, motokari dzakamboshandiswa nemari inoshanda pakuchaya nhare. |
| Mutero pamitengo yezvinhu (VAT) | 764,979.5 | Mutero pakushandiswa kwezvinhu nekuitirwa mabasa |
| Mimwe mitero | 6,448.3 | Imwe mitero e.g., mutero wechitambi, mutero weATM |
| IMTT | 255,118.6 | Mutero pakutengeserana nekutumirana mari |
| Mari inowanikwa nedzimwe nzira kunze kwemitero | 218,849.5 | Inosanganisira mari yezvivakwa, mubereko, migove, kutengeswa kwezvinhu, faindi, zvirango, kutorwa kwezvinhu, nezvimwewo |

# MATANHO EKUWANA MARI

Kuti tikwanise kuwana mari yakawanda yekufambisa basa rehurumende nemazvo, matanho ekuwana mari anotevera uye agara aripo anofanira kutevedzerwa.

| Nzvimbo dzatichatarisa | Zvatinotarisira kuita |
| --- | --- |
| Mutero pamitengo yezvinhu (VAT) | Kuwedzera mutero pamitengo yezvinhu kubva pa14.5% kusvika pa15% |
| Mutero pazvinhu zveumbozha | Kuwedzera mutero pazvinwiwa zvinopa simba kubva paUS$0.05 cents parita kuenda paUS$0.10 kusimudzira hutano |


Hurumende, semugariro, inokupai mukana wekufema pakubhadhara mitero. Izvi zvinokonzera kuderedzwa kwemitengo.

| Nzvimbo dzatichatarisa | Zvatinotarisira kuita |
| --- | --- |
| Kuderedza mutengo wekuita bhizimusi | Kubvisa mutero pamichina inenge yawedzerwa kusanganisira zvinhu zvakatarwa zvakaunzwa nemaindasitiri ekurima neemagetsi.<br>Kuwedzera kusaiswa kwemutero pamukaka hweupfu unotengwa uri mushoma. |
| Mutero pakutengeserana nekutumirana mari (IMTT) | Kuderedza IMTT pakutengeserana mari yekunze kubva pa4% kusvika pa2% |
| Kutsigira indasitiri yezvekushanyirwa | Kubvisa mutero pamichina yokushandisa inotengwa kunze kwenyika nevanoshanda mubazi rezvekushanyirwa . |



# MASHANDISIRWO ACHAITWA MARI

Mari inokwana ZWL$4.25 trillion (19.5% yeGDP) sezvakaratidzwa mumufananidzo uri pazasi.




| Mashandisirwo achaita mari | Mari (ZWL$ Miriyoni) | Tsanangudzo |
|---|---|---|
| **Mihoro kusanganisira penjeni** | 2,199,663.0 | Inosanganisira mari yemuhoro yevashandi vehurumende inosanganisira social security nerumwe rubatsiro pamwe nepenjeni yevashandi vehurumende vakasiya basa. |
| **Kushanda nekugadzirisa /kuchengetedza** | 734,487.9 | Kubhadhara kwezvokushandisa nemabasa anoitwa muHurumende, semuenzaniso, mabhiri emagetsi nemafuta, zvekunyorera, mishonga, nezvimwewo |
| **Mubereko** (Interest) | 24,967.4 | Muripo wekubhadhara chikwereti chekunze nechemukati menyika. |
| **Kubatsira veruzhinji** (transfers) | 435,825.4 | Inosanganisira rubatsiro mumagariro evanhu kupa rutsigiro kumapoka anotambura akaita semhuri dzisingakwanisi kushanda, vana, vanhu vakwegura uye vanhu vakaremara, kuburikidza nemari kana rumwe rubatsiro semuenzaniso BEAM, Harmonised Cash Transfer , kuderedza mari pazvokufambisa zveruzhinji |
| **Kupa matunhu masimba ekuzvitonga** (Devolution) | 195,503.6 | Mari inobviswa kubva kuhurumende ichienda kumakanzuru nemahofisi ematunhu kuti ibatsire kusimudzira zvivakwa zvemunzvimbo mavo |
| **Mari inoshanda pazvirongwa zvebudiriro** (Net aquisition of non-financial assets) | 656,500.0 | Mari inoshandiswa pazvirongwa zvekuvaka migwagwa, zvikoro, zvipatara, kugadzira magetsi kana madhamhu kuvandudza budiriro |

# MASHANDIRO ACHAITA MARI ZVICHIENDERANA NEHUKOSHWA HURI MUGWARO REBUDIRIRO YENYIKA (NDS1)

Hurumende icharamba ichigadzira gwaro rekushandiswa kwemari rinoenderana nezvirongwa zviripo (programme-based budgeting), mhando yekushandiswa kwemari inoita kuti mari iendeswe kuzvirongwa zvinoenderana uye zvinokosheswa neNDS1. Nzira iyi yekushandiswa kwemari inokonzera kuti paiswe mitemo inokurudzira shanduko mumapazi akakosha ehupfumi, kuwedzera zvinhu zvekutengesa kunze kwenyika uye kugadzira zvigadzirwa zvakaoma zvichava musimboti wekukura kwehupfumi.

Pazasi pane tsanangudzo yezvichaitwa:

## Kukura nekugadzikana kwehupfumi

- Kudyidzana pakati pemari inowanikwa nemitemo inoona nezvemashandisirwo emari
- Kuongorora mitengo yezvinhu zviri kutengwa neHurumende kuti tive nechokwadi chekuti ndiwo mutengo chaiwo; uye
- Kuchengetedza mubereko wakanaka.

## Kutsigira matanho ose mukugadzirwa kwezvinhu,

- Kutsigira kudyidzana pakati pemabhizimusi madiki neari pakati nepakati (SMEs) nemakambani mahombe.
- Kuvandudzwa kwemutemo wekuita mabhizimusi muZimbabwe, tichitarisa kufambira mberi kwemichina, kuvakwa kwehupfumi tichishandisa nzira dzisinganyanyi kukanganisa nharaunda nechikamu chemabhizimusi asiri pamutemo.
- Zvokurimisa zvemari inosvika mabhiriyoni ZWL$77 kudzimba 900 000 muchirongwa chePfumvudza/Intwasa.
- Mari yemuno yakaenzana nemamiriyoni US$154.6, kuti kambani yeAFC Holdings iwane mari yekutenga chibage, bhinzi dzesoya, maringazuva nembesa dzetsanga duku.
- Kushandisa madhora ZWL$39.8 bhiriyoni kumabasa ekupa mazano kuvarimi, ZWL$11.8 bhiriyoni kumichina, ZWL$6.6 bhiriyoni kuvaka nekugadzirisa madhibha nekudzivirira zvirwere kumhuka,
- Kushandisa ZWL$514.2 miriyoni kusosa nzvimbo yeGonarezhou inochengetedzwa mhuka kuitira kuderedza kutapurirana kwezvirwere zvakaita sechigwadara uye ,chemahwanda kuburikidza nekufamba kwemhuka
- Kushandisa madhora US$22.5 miriyoni inobva kuhomwe yemari yepasi yose (IMF), iyo inopihwa kunyika kana dzawirwa nematambudziko makuru akafanana nedzihwamupengo (Special Drawing Rights) yekugadzirisa patsva michina mitsva uye kuitsiva pasi pehomwe yeValue Chain Revolving Fund (donje, dehwe, mishonga nefetereza)



## Kuvandudza kukosha kwezviwanikwa zvedu

ξ Kupedzisa kugadzirisa mutemo mutsva mubumbiro remutemo rinoona nezvemigodhi nezvicherwa, rekutengeswa kwegoridhe nematombo anokosha.

ξ Kushandisa madhora ZWL$1.5 bhiriyoni kumabasa ekutsvaga zviwanikwa, tichishandisa mifananidzo yemasateraiti neongororo dzemuchadenga dzinoitwa netundege tunobhururitswa tusina vanhu (madhironi), uye, kupa maEPOs kumakambani akazvimiririra

ξKushandisa madhora ZWL$1.6 bhiriyoni kupedzisa chirongwa chekushandisa makombuyuta muzvicherwa chemining cadastre system;

ξ Kugadzira nzvimbo dzekubatsira makamba madiki anochera goridhe nemakorokoza;

ξ Madhora ZWL$725 bhiriyoni yekugadzira zvivakwa zvevashanyi kuVictoria Falls;

ξ Madhora US$7.5 miriyoni kuhomwe yezvekushanyirwa yeTourism Revolving Fund kupa vanoona nezvekushanyirwa munyika

ξ Kuwedzera kudzidziswa kwezvirongwa zvevarairidzi vechirongwa chekurima neumhizha veClimate Smart Agriculture zvakanangana nevarimi vari munharaunda dzese dzenyika.

ξ Madhora ZWL$1 bhiriyoni ezvirongwa zvekuderedza kushanduka kwemamiriro ekunze (gasi remundove uye magetsi anobva kuzuva)

## Zvivakwa nemakombuyuta

•Madhora ZWL$177.4 bhiriyoni kugadzirisa migwagwa, kusanganisira ZWL$43 bhiriyoni yekupedzisa mugwagwa unobva Harare kuenda kuBeitbridge, ZWL$70.5 bhiriyoni yechirongwa chekugadzirwa kwemigwagwa nekuchimbidza, ZWL$3 bhiriyoni yemigwagwa yekumamisha, kupedzisa kugadzira panosangana migwagwa paMbudzi;

ξ Kugadzira hwaro hwekuongorora mari inodiwa pakuvaka mugwagwa kuti hushandiswe nevakuru vese vemigwagwa;

ξ Madhora ZWL$3.1 bhiriyoni yekutarira mafambiro endege, kuita ongororo dzemuchadenga nekufambiswa kwemashoko;

ξ Kupa mari kukambani yezvitima muZimbabwe (NRZ);

ξ ZWL$6 bhiriyoni yekutenga mabhazi;

ξ Kuwedzera masayi sayi kunzvimbo dzisina zvokushandisa zvakakwana, kuwedzera kuvapo kwenharembozha kumaruwa, kushandisa masayi sayi emicrowave radio backhaul, kurapa varwere parunhare, kuisa indaneti muzvikoro, kudzidza parunhare uye kuvaka nzvimbo dzekuwana ruzivo munharaunda.

ξ Madhora ZWL$1.3 bhiriyoni yezvirongwa zveHurumende zvinoshandisa Indaneti nemakombuyuta

ξ Madhora ZWL$48.4 bhiriyoni yekupedzisa kuvaka dzimba dzichiri kuvakwa.

ξ Kuchenesa nekugadzirisa misha yakavakwa zvisiri pamutemo, tichigadzirisa matambudziko anouya kuburikidza nemavakirwo akaitwa nzvimbo idzi akaita semvura, tsvina yemasuweji, migwagwa nemwenje.

ξ Madhora ZWL$10.9 bhiriyoni kupedzisa mabasa ari kumahofisi eLupane Composite uyekutsigira mabasa ari kuitwa kumasangano eHurumende

ξ Madhora ZWL$7.5 bhiriyoni kupa zvikwereti zvedzimba kumakurukota madiki nemakuru;

ξ Madhora ZWL$3 bhiriyoni kupedzisa kuvakwa kwezviteshi zvinobikwa magetsi, zveHwange 7 ne 8

ξ Madhora ZWL$18.3 bhiriyoni kubva muhomwe yekuiswa kwemagetsi kumaruwa ne ZWL$1 bhiriyoni kubva mugwaro rekushandiswa kwemari yekuisisa magetsi kumaruwa;



- Madhora ZWL$21.7 bhiriyoni kuzvirongwa zvekuvaka madhamu, kuGwayi-Shangani, Semwa, Kunzvi, Tuli Manyange, Vungu, Defe, Dande, Mbada nedhamu reBindura;
- Madhora ZWL$55.3 bhiriyoni kugadzira zvivakwa zvekudiridza, zvokuchengeta hove uye nzira dzokufambisa mvura, sedzimwe nzira dzokushandisa mvura yakagara mumadhamu eTugwi-Mukosi, Marovanyati, neMuchekeranwa;
- Madhora ZWL$27.9 bhiriyoni kuzvirongwa zvekudiridza kumaruwa.
- Madhora ZWL$5.3 bhiriyoni kuvaka zvibhorani kumaruwa;

## Vechidiki, Mitambo, Tsika neMagariro

- Zvirongwa zvekusimudzira vechidiki , zvakaita sekuvandudzwa kwezvidzidzo ku nzvimbo dzekudzidzira mabasa emaoko;
- Kuramba tichipa bhanga reEmpower Bank kwaniso yekuti vechidiki vawane mari yekutanga nekusimudzira mabhizimusi avo;
- Kugonesa sangano revechidiki (ZYC) kuti riwedzere kuzivikanwa nekusimudzira budiriro kuburikidza nekuenda kune dzimwe nzvimbo, kuita zvirongwa zvokudzidzisa vanhu nehurongwa hwevechidiki hwema 'exchange programs'
- Kupa nzvimbo dzokutandara dzevechidiki zvokushandisa, kuvandudza nzira dzokuzivisa vechidiki kuti vasanwe nekuputa zvinodhaka , pamwe nenzvimbo dzokubatsira vanorarama nokutora zvinodhaka;
- Madhora ZWL$1.2 bhiriyoni yekugadzirisa nzvimbo dzinoitwa mitambo nenzvimbo dzokutandarira; uye
- Kutsigira zviito zvinokurudzira kushandiswa kwemitauro emuno muzvidzidzo kuitira pave nekutambirwa kwemitauro iyi, kunyanya kune avo vane hurema hwekusanzwa nekutaura, pamwe nevemarudzi akashomeka.

## Vakadzi, kuenzaniswa kwevarume nevakadzi nemabhizimusi madiki neari pakati nepakati

- Kukurudzira kuenzaniswa kwevakadzi kuburikidza nekupa simba kuvakadzi, kumwanasikana nekumabhizimusi madiki neari pakati nepakati uye kupa mari kumasangano eHurumende anoona nezvemari:
    - Homwe yebudiriro yemadzimai (ZWL$370 miriyoni);
    - Homwe yebudiriro yenharaunda (ZWL$330 miriyoni);
    - Bhanga reZimbabwe Women's Microfinance (ZWL$3 bhiriyoni);
    - Bhanga reEmpower Bank (ZWL$3 bhiriyoni);
    - Bazi rinoona nezvekubudirira kwemakambani madiki neari pakati nepakati (SMEDCO) (ZWL$3 bhiriyoni); ne
    - Homwe inopa mari kumabhizinesi madiki neari kutanga(NVCF) (ZWL$4 bhiriyoni)



## Kuvandudza dzidziso iri muvanhu nekuchengetedza hutano hwavo

- Kuwedzera kuwanikwa kwezvinoshandiswa neveruzhinji zvakaita sedzidzo, hutano nekuchengetedzwa kwevanhu;
- Kuzvipira kuti mishonga inoponesa upenyu kubva kuzvirwere zvakaita seHIV/AIDS, TB nemarariya zvinouraya zvirambe zvichiwanikwa, kupedziswa kwechivakwa chekuchengeta mishonga cheHarare National Pharmaceutical Warehouse, kutengwa kwemichina yemasikani yeMagnetic Resonance Imaging (MRI)
- Madhora ZWL$33 bhiriyoni ekugadzirisa nekuvaka zvipatara nemakiriniki, uye mota dzekutakura varwere (ZWL$2 bhiriyoni), zvekushandisa pakurapa (ZWL$43 bhiriyoni) nezvipatara zvekumaruwa (ZWL$9.3 bhiriyoni);
- Kuramba tichiongorora mari nezvimwewo zvokukurudzira vashandi kuitira kukwezva nekuchengetedza vashandi vanorapa;
- Madhora ZWL$31 bhiriyoni ekutungamirira bvunzo dzepasi peboka rinoona nezvekunyorwa kwebvunzo dzegwaro rechinomwe 7, dzefomu rechina nedzefomu rechitanhatu
- Madhora ZWL$2.8 bhiriyoni echirongwa chokupa vana chikafu nezvikoro kuburikidza nechirongwa chezvirimwa zvemunharaunda;
- Madhora ZWL$4.2 bhiriyoni kupedzisa mabasa achigere kupera muzvikoro zvakasarudzwa, kusanganisira kupa midziyo nezvokushandisa kuzvikoro;
- Kutsvaga vamwe vadzidzisi zvuru zvinomwe;
- Madhora ZWL$1.5 bhiriyoni ekupa pachena vadzidzi zvokushandisa kana vachitevera uye kugadzirisa zvipingaidzo zvekugoverwa kwezvokushandisa izvi;
- Madhora ZWL$9.7 bhiriyoni ekuvakwa nekugadziriswa kwezvikoro zvedzidzo yepamusoro;

Madhora ZWL$50.4 bhiroyoni ehurongwa hwekuchengetedzwa kwevanhu sezvakaratidzwa patafura:

| Chirongwa | Mari ZWL$ Miriyoni |
|---|---|
| Hwaro werubatsiro rwedzidziso | 23,000 |
| Vana vari panguva yakaoma | 1,230 |
| Vana vari mumugwagwa | 430 |
| Kubatsiridza pakusanaya kwemvura | 12,100 |
| Chirongwa chekupa mari kudzimba dzisingakwanise kushanda | 9,280 |
| Rubatsiro rwehutano | 1,100 |
| Kubatsira vakwegura | 400 |
| Kuvigwa kwevarombo | 500 |
| Rutsigiro kune vakaremara | 1,464 |
| Zvirongwa zvekubatsira vanoshaya | 635 |
| Kuunganidza ruzivo nekuongorora vanhu ava (MIS) | 105 |
| Kurapa vanenge vabatwa nedenda redzihwamupengo | 200 |
| **Mari yose yabatanidzwa** | **50,444** |



## Kuvaka masangano nehutongi hunoshanda

ξ Kugadzirisa zvidimbu zvasara zvemutemo, kusanganisira kuisa zvidimbu zvinenge zvagadzirwa kumamwe marudzi;

ξ Kuita mamwe mahofisi nekupa kwaniso kuboka remagweta anobatsira nekumiririra pachena vasina mari yokubhadhara (Legal Aid Directorate);

ξ Kugadzirisa makamuri ematare kuti akwanise kushandiswa nevanhu vane hurema;

ξ Kugadzirisa matirongo emapurisa nemajere kuti asvike pane zvinotarisirwa pasi rese;

ξ Madhora ZWL$724 miriyoni kusangano rinoona nezvekufambiswa nekuvandudzwa kwemabhizimusi (ZIDA) kuti ishandise michina kuitira kuti kunyoresa mabhizimusi kurerukе uye kutore nguva pfupi;

ξ Kumutsiridza kushandidzana kwemakurukota eHurumende kubvisa zvipingaidzo munharaunda yekuita bhizimusi;

ξ Kuita ongororo yakadzama kumasangano ehurumende kuburikidza nekutarisa maitiro avo uye ongororo yakadzama pachikamu chimwe nechimwe;

ξ Madhora ZWL$12 bhiriyoni, ZWL$11 bhiriyoni ne ZWL$53 bhiriyoni yekunyoreswa kwevavhoti, kuongorora vavhoti nekuitwa kwesarudzo murunyararo;

ξ Kupa mauto anopfeka yunifomu pekugara, mugove nezvekushandisa, uye kuwedzera muhoro wavo wemari nezvimwewo kuti vachengetedze runyararo nekuchengetedzeka munyika.

## Kupa matunhu masimba ekuzvitonga

ξ Madhora ZWL$195.5 bhiriyoni (5% yemari inotarisira kuwanikwa) kuvakuru vematunhu nemapurovhinzi kuitira kuvaka, kusimudzira nekugadzirisa zvipatara, zvokufambisa, dzidzo, mvura neutsanana uye midziyo. .

## Mashoko,Kuvaka Chimiro, nekuumba hukama nedzimwe nyika

ξ Madhora ZWL$8.6 bhiriyoni ye:

- Kuvaka chimiro nekuchinja maonerwo anoitwa nyika;
- Kuudza zvizvarwa zvemuno zvinenge zvichiitika munyika nekunze kwenyika;
- Kuunganidza vanhu mukuvaka nyika nemuchirongwa chebudiriro, uye
- Kuvaka zvivakwa zvekutepfenyura nhau zvechizvino zvino.

ξ Kugadzira zviri pamutemo nzvimbo yekukurukura nevakweretesi, zvichikonzera kuti paitwe musangano unokurudzira kugadziriswa kwematambudziko evakwereti (High-Level Debt Resolution Forum)

# KUSHOMEKA KWEMARI INOTARISIRWA KUSHANDISWA NEKUWANIKWA KUCHAITA MARI IRI KUSHOMEKA IYI

Tichitarisa kuti mari iripo inoita madhora ZWL$3.9 tiririyoni uye mari inotarisirwa kushandiswa inoita madhora ZWL$4.25 tiririyoni, pane mukaha wemadhora ZWL$336.9 bhiriyoni (1.5% yeGDP) unotarisirwa. Tikawedzera kubhadharwa kwechikwereti chemadhora ZWL$248.6 bhiriyoni tinosara tichida mari inokwana madhora ZWL$585.5 bhiriyoni mugore ra2023. Kuvhara mukaha uyu, Hurumende ichakwereta kubva kumisika yemuno neyekunze kwenyika sezvinotevera:

-Kupihwa mabhondi nemusika wekuchinja mari kuVictoria Falls (VFEX): ZWL$95.2 bhiriyoni

-Kupihwa chikwereti kubva kunze kwenyika: ZWL$398.2 bhiriyoni ;

- Kuwana zvibatiso zvipfupi zvinopihwa neBhanga guru rakamirira Hurumende: ZWL$82.2 bhiriyoni, ne

- Shanduko mumari iri mumabhanga: ZWL$10 bhiriyoni.



# KUPENDERA

Mashandisirwo achaitwa mari nemapazi ehurumende ose

| | Mari yose yabtanidzwa | |
|---|---|---|
| | 2022 | 2023 |
| Hofisi yemukuru wenyika nemakurukota eHurumende | 79 764 964 800 | 161 735 813 000 |
| Dare reParamende yeZimbabwe | 29 615 082 000 | 47 820 193 000 |
| Vashandi vemuhurumende nebazi rinobatsira vanhu vanoshaya | 54 374 772 000 | 91 620 309 000 |
| Mauto | 133 068 861 000 | 331 143 086 000 |
| Bazi rinoona nezvemari nehupfumi munyika | 163 092 544 078 | 259 903 008 000 |
| Hofisi inoongorora magwaro emari | 4 373 720 000 | 9 858 381 000 |
| Kugadzirwa, kutengwa nekutengeswa kwezvinhu | 5 542 077 000 | 15 630 381 000 |
| Minda, Kurima, mvura, mamiriro ekunze pamwe nekumaruwa | 231 819 030 122 | 362 520 603 000 |
| Zvicherwa nekuvandudzwa kwemigodhi | 4 603 473 000 | 12 987 529 000 |
| Zvakatikomberedza, kushanyirwa nekugamuchira vashanyi | 7 335 943 000 | 14 199 197 000 |
| Zvekufambisa nezvivakwa | 107 309 906 000 | 144 571 220 000 |
| Nyaya dzekunze kwenyika nezvekutengeserana nenyika dzekunze | 18 725 301 000 | 81 864 071 000 |
| Bazi rehurumende yemumatunhu, zvivakwa zveruzhinji nedzimba, | 37 058 686 000 | 98 640 911 000 |
| Hutano nekuchengetedzwa kwevana | 179 924 742 000 | 473 758 209 000 |
| Dzidzo yekupuraimari nesekondari | 228 994 472 000 | 631 279 722 000 |
| Dzidzo yekumusoro, sainzi neumhizha | 70 810 350 000 | 156 509 466 000 |
| Nyaya dzinobata madzimai, nharaunda, nekusimudzirwa kwemakambani madiki neari pakati nepakati | 7 873 457 000 | 18 541 814 000 |
| Bazi rinoona nezvekuchengetedzwa kwemutemo, kupa magwaro kuvagari nevashanyi munyika uye kuchengetedzwa kwetsika nemagariro | 115 493 678 000 | 293 009 806 000 |
| Bazi rekutongwa kwedzimhosva, mitemo nenyaya dzeDare reParamende | 42 711 435 000 | 120 333 701 000 |
| Kugoverwa kwenhau nemapazi anotepfenyura nhau | 3 665 477 000 | 8 619 877 000 |
| Vechidiki, mitambo, kutandara netsika nemagariro | 11 632 609 000 | 25 136 050 000 |
| Kugadzirwa kwemafuta nemagetsi | 8 183 571 000 | 15 468 309 000 |
| Bazi rinoona nezvehumhizha hwekufambiswa kwemashoko, kufambiswa kwetsamba nezvinhu | 8 088 216 000 | 17 386 696 000 |
| Kuvakwa kwedzimba nenzvimbo dzinoshandiswa nenharaunda | 16 956 191 000 | 27 679 072 000 |
| Komisheni inoona nezvemafambisirwo ematare edzimhosva | 7 764 335 000 | 37 940 833 000 |
| Komisheni inoona kuchengetedzwa nekubatwa zvakanaka kwevashandi | 71 552 101 000 | 107 473 955 000 |
| Kanzuru yemadzishe | 1 171 030 000 | 4 150 000 000 |
| Komisheni inoona nezvekuchengetedzwa kwekodzero dzevanhu | 931 346 000 | 4 740 600 000 |
| Komisheni yenyika inoona kuchengetedzwa kwerunyararo nekuyanana | 831 691 000 | 2 957 230 000 |
| Bazi revachuchisi | 3 078 575 000 | 11 341 414 000 |
| Komisheni inorwisa huori | 1 265 107 000 | 7 378 820 000 |
| Komisheni inotungamirira sarudzo | 44 326 268 000 | 101 648 031 000 |
| Komisheni inoona nezvekuenzaniswa kwevarume nevakadzi | 1 004 876 000 | 3 485 660 000 |
| Komisheni inoona nezveminda (Zimbabwe Land Commission) | 6 447 718 000 | 10 372 281 000 |
| Komisheni inoona nezvenzira dzekufambiswa kwemashoko (Zimbabwe Media Commission) | 749 204 000 | 2 616 446 000 |
| Bumbiro remutemo remashandisirwo emari iri muhomwe yeHurumende | **219 595 221 000** | **781 269 006 000** |
| **Mari yose yabatanidzwa** | **1 929 736 030 000** | **4 495 591 700 000** |



Mashandisirwo emari nehurumende yakaiswa mumapoka (COFOG)

| Boka | Mari ZWL$ | Chidimbu |
|---|---|---|
| **Mauto** | 991 591 355 000 | 22.1% |
| **Nyaya dzinotarisa hupfumi hwenyika** | 323 038 482 000 | 7.2% |
| **Dzidzo** | 480 532 102 000 | 10.7% |
| **Kuchengetedzwa kwenharaunda** | 688 212 308 000 | 15.3% |
| **Mabasa anobatsira ruzhinji** | 6 892 591 000 | 0.2% |
| **Hutano** | 337 003 508 000 | 7.5% |
| **Dzimba nezvivakwa zvinobatsira nharaunda** | 463 586 163 000 | 10.3% |
| **Kurongeka nekudzivirira njodzi kuruzhinji** | 38 541 514 000 | 0.9% |
| **Kutandara, magariro nechitendero** | 756 058 645 000 | 16.8% |
| **Kuchengetedzwa kweruzhinji** | 410 135 032 000 | 9.1% |
| **Mari yose yabatanidzwa** | 4 495 591 700 000 | 100% |

Ministry of Finance and Economic Development
Mgandane Dlodlo Building
Cnr Samora Machel Avenue/Simon V.Muzenda St
Harare, Zimbabwe

Phone:+263-42-2250697 Fax: +263-24-2792750
Email:feedback@zimtreasury.gov.zw
**www.zimtreasury.gov.zw**